# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINIŃ SUWǴARILATUǴIN OTLAQLI ALYUVIAL TOPÍRAQLAR SHARAYATINDA JETISTIRILGEN AWIL XOJALIǴI EGINLERI

**Duysenbaeva Gulnaz**
**Topıraqtanıw bağdarı 2-kurs magistrantı**
**Biologiya fakulteti, Topıraqtanıw hám ekologiya kafedrası,**
**Qaraqalpaq mámleketlik universiteti**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.14263951**

**Annotatsiya:** Bul maqalada Qaraqalpaqstan Respublikasınıń suwǵarılatuǵın otlaqlı allyuvial topıraqlarında jetistiriletuǵın awıl xojalıǵı eginleriniń túrleri, topıraq ónimdarlıǵına tásiri hám nátiyjeliligin arttırıw ilajları sáwlelendirilgen. Izertlewde bul topıraq túrleriniń fizikalıq-ximiyalıq ózgeshelikleri, agrotexnikalıq hám innovaciyalıq suwǵarıw usılları tallanadı. Sonday-aq, eginlerdiń topıraq ónimdarlıǵına ekologiyalıq hám ekonomikalıq jaqtan kórsetetuǵın unamlı hám unamsız tásirleri úyrenilgen. Maqalada topıraq ónimdarlıǵın saqlaw hám arttırıwǵa qaratılǵan usınıslar, sonday-aq, topıraqtan nátiyjeli paydalanıwdıń ekonomikalıq nátiyjeleri boyınsha ámeliy usınıslar islep shıǵılǵan.

**Tayanısh sózler:** suwǵarılatuǵın topıraqlar, otlaqlı allyuvial topıraqlar, awıl xojalıǵı eginleri, topıraq ónimdarlıǵı, ekologiyalıq tásir, agrotexnikalıq ilajlar, innovaciyalıq suwǵarıw texnologiyaları, Qaraqalpaqstan Respublikası.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ózbekstannıń áhmiyetli agrar aymaqlarınan biri esaplanadı, sebebi onıń topıraq-klimat sharayatları awıl xojalıǵı ushın ayrıqsha áhmiyetke iye. Qaraqalpaqstan topıraqları tiykarınan suwǵarılatuǵın otlaqlı allyuvial topıraqlar hám shól topıraqlarınan quralǵan. Qaraqalpaqstan Respublikasında suwǵarılatuǵın otlaqlı allyuvial topıraqlarda bir qatar awıl xojalıǵı eginleri tabıslı jetistirilmekte. Bul eginler regionnıń ekonomikalıq rawajlanıwında áhmiyetli orın iyeleydi hám topıraq ónimdarlıǵı menen tıǵız baylanıslı. Biraq, hár bir eginniń topıraqqa bolǵan tásiri hám resurslardan nátiyjeli paydalanıw ayrıqsha áhmiyetke iye [5,5-7].

Qaraqalpaqstanda eń kóp jetistiriletuǵın eginler paxta, ǵálle (biyday hám arpa), palız eginleri jáne ot-jem eginleri bolıp tabıladı. Paxta Qaraqalpaqstannıń tiykarǵı eksportqa qolaylı egini esaplanadı. Onıń jetistiriliwi topıraqtıń ónimdarlıǵına hám suwǵarıw sistemalarına úlken talap qoyadı. Paxta eginleri júdá kóp muǵdarda suw talap etedi hám topıraqtıń shorlanıwına alıp keliwi múmkin. Sol sebepli, paxta jetistiriwde teń salmaqlı agrotexnikalıq ilajlar hám zamanagóy texnologiyalardı qollanıw zárúr. Ǵálle eginleri tiykarınan azıq-awqat qáwipsizligin támiyinlew ushın jetistiriledi. Ǵálle eginleri topıraqtıń ónimdarlıǵın saqlawǵa xızmet etedi, sebebi almastırıw sisteması járdeminde topıraqtıń azıqlıq zatlar balansı tiklenedi. Pomidor, qıyar, garbiz, qawın sıyaqlı palız eginleri regionnıń ishki mútájliklerin qanaatlandırıw hám jergilikli ekonomikanı rawajlandırıw ushın úlken áhmiyetke iye. Bul eginler joqarı sapalı suw hám jaqsı ónimdarlı topıraqtı talap etedi. Sharwashılıqtı rawajlandırıw ushın ot-jem eginleri, ásirese lyuserna sıyaqlı kóp jıllıq otlar jetistiriledi. Bul eginler topıraqtıń azot muǵdarın arttıradı hám topıraqtıń ónimdarlıǵın tiklewde áhmiyetli rol oynaydı [2, 12-23].

Hár bir eginniń topıraqqa tásiri hár qıylı. Paxta hám ǵálle sıyaqlı eginler topıraqtıń azıqlıq zatlar balansına kúshli tásir kórsetedi. Olar kóp muǵdarda azot, fosfor hám kaliydi paydalanadı, sonıń ushın almastırıp egiw sisteması hám organikalıq tóginlerden paydalanıw ónimdarlıqtı

saqlawda ayrıqsha áhmiyetke iye. Palız eginleri topıraqtan kóp azıqlıq zatların tartıp aladı, biraq almastırıp egiw sisteması hám tóginlerdi qollanıw arqalı topıraqtıń ónimdarlığın tiklew múmkin. Ot-jem eginleri bolsa topıraqtı azot penen bayıtıp, ónimdarlıqtı arttıradı. Suwǵarıw sistemaları eginlerdiń tabıslı rawajlanıwında sheshiwshi rol oynaydı. Bar dástúriy suwǵarıw usılları kóbinese suwdıń nátiyjesiz jumsalıwına alıp keledi, bul bolsa topıraqtıń shorlanıwın kúsheytedi. Sonıń menen birge, innovaciyalıq suwǵarıw texnologiyalarınıń engiziliwi, máselen, tamshılatıp suwǵarıw sisteması, suwdı únemlewge járdem beredi hám topıraqtıń sapasın saqlaw imkaniyatın jaratadı. Bul texnologiyalar járdeminde suwdı nátiyjeli basqarıw hám topıraqtıń shorlanıwın azaytıw múmkin. Qaraqalpaqstan Respublikasında jetistiriletuǵın awıl xojalığı eginleri topıraq ónimdarlığına hár qıylı dárejede tásir kórsetedi. Sol sebepli, topıraqtı nátiyjeli basqarıw hám tóginlew sistemaların jetilistiriw, sonday-aq, innovaciyalıq suwǵarıw texnologiyaların engiziw arqalı eginlerdiń ónimdarlığı hám topıraq sapası arasındağı teń salmaqlılıqtı saqlaw múmkin. Agrologiyalıq ilajlardı durıs shólkemlestiriw, zamanagóy texnologiyalardı qollanıw hám ekologiyalıq turaqlı qatnastı qáliplestiriw aymaqtıń agrar potencialın maksimal dárejede arttırıwǵa járdem beredi [1].

Awıl xojalığı nátiyjeliligin arttırıw hám ekologiyalıq turaqlılıqtı támiyinlew ushın topıraq ónimdarlıǵın arttırıw hám onı qorǵaw úlken áhmiyetke iye. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń suwǵarılatuǵın allyuvial topıraqlarında nátiyjeli agrotexnikalıq hám ekologiyalıq ilajlardı ámelge asırıw topıraq sapasın saqlaw hám ónimdarlıqtı arttırıw imkaniyatın beredi. Topıraqtıń ónimdarlıǵın arttırıwda tiykarǵı roldi agrotexnikalıq ilajlar hám texnologiyalar oynaydı. Organikalıq tóginler (kompost hám tógin) topıraq quramın jaqsılaydı, biologiyalıq belsendiligin arttıradı hám ónimdarlıǵın tikleydi. Mineral tóginler, ásirese azot, fosfor hám kaliy, topıraqtaǵı azıqlıq zatlardıń balansın saqlawda úlken áhmiyetke iye. Biraq olardıń normalarına ámel etpew topıraqtıń shorlanıwına alıp keliwi múmkin. Almastırıp egiw topıraqtıń biologiyalıq hám ximiyalıq balansın tikleydi. Palız hám ot-jem eginleri azottı qayta tiklewge járdem beredi, bul bolsa topıraqtıń ónimdarlıǵın saqlawǵa xızmet etedi. Tereń shúdigarlaw járdeminde topıraq azıqlıq zatların qayta bólistiriw múmkin. Jerlerdi tegislew bolsa suwdıń birdey bólistiriliwin támiyinleydi, bul bolsa suwdıń jumsalıwın azaytadı. Jańa texnologiyalar suwdı únemlew hám topıraq sapasın jaqsılawda úlken áhmiyetke iye. Tamshılatıp suwǵarıw suwdı únemlew hám topıraqtı shorlanıwdan saqlawda nátiyjeli. Bul usılda azıqlıq zatlardı anıq jetkerip beriw imkaniyatı bar. Topıraq ıǵallıǵın monitoring etiw sistemaları- sensorlar járdeminde topıraq ıǵallıǵın ólshew hám suwǵarıwdı beyimlestiriw arqalı suwdan aqılǵa muwapıq paydalanıw múmkin. Duzdı juwıw texnologiyaları, bunda topıraqtaǵı artıqsha duzlardı juwıw ushın arnawlı suwǵarıw rejimleri qollanıladı, bul bolsa topıraqtıń shorlanıwın azaytıwǵa járdem beredi.

**Juwmaq.** Topıraq ónimdarlıǵın arttırıw hám onı qorǵaw, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń suwǵarılatuǵın allyuvial topıraqlarında awıl xojalıǵı nátiyjeliligin hám ekologiyalıq turaqlılıqtı támiyinlewde áhmiyetli rol oynaydı. Topıraqtı nátiyjeli basqarıw ushın agrotexnikalıq ilajlar, innovaciyalıq suwǵarıw texnologiyaları hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw ilajları ámelge asırılıwı zárúr. Organikalıq hám mineral tóginler, almastırıp egiw sisteması, zamanagóy suwǵarıw texnologiyaları sıyaqlı usıllar topıraqtıń sapasın saqlawǵa hám ónimdarlıqtı arttırıwǵa járdem beredi. Solay etip, topıraq ónimdarlıǵın arttırıw hám onı qorǵaw aymaqtıń awıl xojalıǵı potencialın maksimal dárejede arttırıwǵa xızmet etedi.

## References:

1. Abdullaev X.A. O'zbekiston tuproqlari Tash DU.T.1973.
2. Babaev A.X. "Suwg`ariw ha`mde juwiw maqsetinde isletiletug`in suw sapasin bahalaw jollari" (V kn.) "Jerlerdi suwg`ariw ha`mde juwiw ushin isletiletug`in dushshi ha`m minerallasqan suwlardi paydalaniw" Ilimiy jumislar toplami, 12-23 bet, Moskva 1973.
3. Boboxojaev I., Uzokov P.- "Tuprokshunoslik". "Mexnat" T 1994.
4. Gluxova T.P, Strelnikova G.A. O`zbekstannin` minerallasqan suwi suwg`ariw rezervi. Tashkent, FAN, 1983j.
5. Jollibekov B, Jollibekov B.B, Jollibekov M.B. "Suwg`arilatug`in duzlang`an topiraqlar meliorativlik jag`dayina suwg`ariwdin` ha`r tu`rli metodlarinin` ta`siri" TashGAU NF IV - Илimiy - praktikaliq konferentsiya. Tezislar. Nukus. Bilim. 2004 j. 5-7 bet.

INNOVATIVE ACADEMY